



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO IDANTIFYE TWA KA ADISYONÈL SOUCH UK A NAN NEW YORK

O total gen kat ka souch UK ke yo idantifye kounye a nan New York jiska dat

Gen de ka ki gen rapò ak ka orijinal yo te idantifye nan Saratoga Springs; yo te idantifye twazyèm ka nan Massapequa

Laboratwa Wadsworth New York la te sekans plis pase 2,200 echantiyon nan kad pwogram tès souch UK a

Kontak potansyèl pou varyant UK yo ke yo te priyorize nan sit tès Eta yo

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te idantifye twa ka adisyonèl nan souch Wayòm Ini (United Kingdom, UK) viris COVID-19 la nan New York. Gen de nan ka yo ki konekte ak dekouvèt inisyal la nan souch UK ke yo te idantifye nan Saratoga Springs semèn pase a, pandan ke gen yon twazyèm ka, ki pa gen rapò ak ekspozisyon nan Saratoga Springs yo, ke yo te retrase nan yon moun k ap viv nan Massapequa, nan Konte Nassau. Yo te sekans ka yo atravè laboratwa Wadsworth Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ki te analize plis pase 2,200 sekans viral nan kad pwogram tès souch UK eta a.

"Souch UK a isit la, li reyèl, epi vitès l ap pwopaje a ou ta di se Usain Bolt, epi tou senpleman li bay lapèrèz", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pa gen okenn mistè sou ki jan li te fè rive isit la - li te moute nan yon avyon epi li te vole vin isit la soti an Ewòp, menm jan souch orijinal la te fè a. Poutan, gouvènman federal la kontinye refize aprann de sezon prentan an epi egzije tès pou tout vwayajè entènasyonal yo. Lè yo echwe pou yo aji vle di nou menm rès ki rete a nou bezwen pi plis vijilan nan travay nou pou sispann pwopagasyon an, ansanm ak fè tout sa nou kapab pou akselere distribisyon vaksen an. Antretan, Laboratwa Wadsworth la pral kontinye sekans echantiyon yo nan tout eta a yon fason agresif, pou yo kapab idantifye nenpòt ka souch UK anplis, epi metrize li ak trase kontak imedyatman."

Aprè idantifikasyon inisyal souch UK a ki asosye ak yon anlwaye nan yon magazen bijou nan Saratoga Springs, nan Konte Saratoga, Laboratwa Wadsworth te sekans viris la nan senk lòt anlwaye nan magazen an bijou a ki te teste pozitif pou COVID-19.

Aprè yo fin sekans yo, Wadsworth ka konfime ke souch UK a te prezan nan de nan moun sa yo.

Depatman Sante a te fè tès COVID-19 gratis semèn sa a pou nenpòt moun ki te ka gen yon ekspozisyon ki gen rapò ak ka Saratoga a. Yo te teste plis pase 400 moun epi Sant Wadsworth la ap depiste tout ka pozitif pou Varyant UK a.

Separe de ka Saratoga Springs yo, yo te idantifye yon twazyèm ka nan Massapequa, nan Konte Nassau. Nan ka sa a, yo te idantifye yon nonm ki gen 60 ane ki gen souch UK a aprè li te teste pozitif pou premye fwa pou COVID-19 27 desanm nan. Wadsworth te resevwa echantyon sa a nan men BioReference aprè apèl Depatman Sante a nan laboratwa yo toupatou nan eta a k ap mande echantyon ke yo ta ka analize pou souch UK a. Depatman an ap travay ak trasè kontak yo nan Konte Nassau pou idantifye ekspozisyon potansyèl adisyonèl yo.

Eta New York opere yon lokal pou fè tès COVID-19 gratis sou volan nan Inivèsite Albany ak Jones Beach ke yo tou de ouvri sèt jou chak semèn epi yo pral priyorize tès pou kontak ka varyant UK yo jan sa nesesè

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)